# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–21 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवे कि पछिला दस बरिस में भारत बढ़ोत्तरी वाला परिवरतन से आगे बढ़ि के परभावसाली परिवर्तन देखले हौ काहें से कि सरकार देस में समग्र विकास सुनिस्चित कइ रहलि बा। उहां के आजु नई दिल्ली में सतरहवां सिविल सेवा दिवस के मौका पर लोकसेवकन के सम्बोधित करत ई बाति कहलीं। प्रधानमंत्री देस के नौजवानन, किसानन अउर महिला लोगिन के आकांक्षा के पूरा करे बदे असाधरण गति से कार कइले के जरूरति क उल्लेख करत कहलें कि उनकर सपना अभूतपूर्व ऊंचाई पर पहुंचि रहल हौ।

**देश में व्यवस्था परिवर्तन का एक बहुत बड़ा महायज्ञ शुरू हुआ है। हम इस तेज स्पीड के साथ खुद को तेजी से ढाल रहे हैं। आज भारत की एस्पिरेशनल सोसाइटी, भारत के युवा, भारत के किसान, भारत की महिलाएं, उनके सपनों की उड़ान आज जिस ऊंचाई पर है, वो वाकई अभूतपूर्व है।**

येह मौका पर प्रधानमंत्री लोकसेवकन के जिला के समग्र विकास, आकांक्षी ब्लॉक कार्यक्रम अउर नवाचार के श्रेणियन में लोक प्रसासन में उत्कृष्टता बदे प्रधानमंत्री पुरस्कार दिहलें। उहां के दुइ गो ई–बुको जारी कइलीं। पुरस्कार पावे वाली प्रदेस के बहराइच जिला क जिलाधिकारी मोनिका रानी हमरे संवाददाता से बातचीत कइलिनि–

**दो हजार तेईस का जिले के सम्पूर्ण विकास की श्रेणी के अंतर्गत ये पुरस्कार दिया गया है, इसके लिए मैं अपनी सम्पूर्ण टीम को बहुत–बहुत बधाई देती हूं। जो केन्द्र की जितनी भी योजनाएं हैं, इन सभी के अंतर्गत जनपद बेहराइच ने बहुत उत्कृष्ट प्रदर्शन किया। इसके लिए मैं सभी को बहुत–बहुत बधाई देती हूं।**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये मुरादाबाद जिलो के पुरस्कार मिलले पर बधाई दिहले हवें। उहां के कहलीं कि दिव्यांगजन सुगम्य पुस्तकालय पहल बदे नवाचार श्रेणी में मुरादाबाद जिला क प्रधानमंत्री पुरस्कार पावल पचीस करोड़ प्रदेसवासियन बदे गौरव क क्षण हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि कानपुर पहुंचि के आवे वाला चउबीस अपरैल के प्रस्तावित प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के दौरा के तइयारियन क समीक्षा कइलें। अपने कानपुर दौरा के दौरान प्रधानमंत्री बीस हजार करोड़ रूपिया से बेसी के विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास करिहें। येह परियोजनन में मेट्रो, घाटमपुर–पनकी विद्युत उत्पादन संयंत्र अउर सौ बेड के अस्पताल क निरमाण सामिल हौ। मुख्यमंत्री काल्हि प्रधानमंत्री बदे बनावल जा रहल जनसभा स्थल, तापीय विद्युत परियोजना अउर मेट्रो रेल परियोजना क जायजा लिहलें। उहां के उत्तर प्रदेश मेट्रो रेल कॉरपोरेशन के ओरि से नया बनल नयागंज से रावतपुर स्टेसन ले मेट्रो ट्रेन में सफरो कइलीं। येह दौरान उहां के मेट्रो परियोजना क तइयारियन के परखलीं अउर यात्रियन बदे उपलब्ध सुविधा क समीक्षा कइलीं। स्थलीय निरीक्षण के बाद मुख्यमंत्री कानपुर के चन्द्रशेखर आजाद कृषि विश्वविद्यालय में समीक्षा बइठकी कइलें।

**********

नीति आयोग क केंद्रीय प्रभारी अधिकारी अउर लघु किसान कृषि व्यवसाय संघ क प्रबंध निदेसक धीरज साहू आजु श्रावस्ती में सासन के योजनन के प्रगति के ले के समीक्षा बइठकी कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि श्रावस्ती जइसन आकांक्षी जिला में विकास क कार तेजी से हो रहल हौ। केन्द्र सरकार के आकांक्षी ब्लॉक कार्यक्रम में श्रावस्ती के जमुनहा ब्लॉक के पहिला स्थान मिलि चुकल हौ। नीति आयोग क केन्द्रीय प्रभारी अधिकारी कहलें कि आयोग क मंसा कल्याणकारी योजनन क पहुंच हर पात्र मनई ले सुनिस्चित करावल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कुशीनगर जिला में भइल सड़कि हादसा क संज्ञान लेत मृतकन के परिजनन के प्रति संवेदना जतवले हवें। काल्हि राति कुशीनगर जिला के नेबुआ नौरंगिया थान्हा इलाका के भुजौली चौराहा पर एगो कार बेकाबू हो के पेड़ से लड़ि गइल रहे। येह दुखद हादसा में कार सवार छौ बरातियन क मउति हो गइल ओहीं दुइ जने गम्हिराहे घाही हो गइलें।

**********

जौनपुर जिला के मछलीशहर विधानसभा क्षेत्र के गांवन के जोड़े वाले सोरह गो सड़किनि पर इंटरलॉकिंग करावल जाई। येह खराब हो चुकल सड़किनि पर इंटरलॉकिंग कार बदे सासन एक करोड़ छत्तीस लाख रूपिया जारी कइ दिहले हौ। हमरे जौनपुर प्रतिनिधि बतवलें कि येह सड़किनि के ठीक हो गइले से करीब पचास गांवन में आवाजाही असान हो जाई।

**********

मौसम विज्ञान विभाग बिहने से पचीस अपरैल ले प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में कहीं–कहीं उष्ण लहरि अउर लुह चलले क चेतावनी जारी कइले हौ। विभाग के मोताबिक येह अवधि में मौसम सुस्क रही। सथहीं, अगिला पांच दिन के दौरान अधिकतम तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस क बढ़ोत्तरियो होई।

**********